Yàlla dafa bëgg jaam bu ko ragal, bu doylu, bu nëbbu

Jële na ñu ci Sahd Ibn Abii Waqaas -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax ne: «Yàlla dafa bëgg jaam bu ko ragal, bu doylu, bu nëbbu».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa leeral ne Yàlla daa bëgg yenn jaamam yi, Bokk na ci ñoom: ki ko ragal, ci def ay ndigali Yàlla, di moytu ay tereem. Bëgg na it: Ku doylu Ku doyloo Yàlla mu màgg mi du sukkandiku ci nit ñi, te du geestu keneen ku dul Yàlla. Day bëgg it: kiy nëbbu, kiy toroxlu, di jaamu Boroomam, di yittewoo luy jariñ, te yittewoowul kenn xam ko, mbaa ñu koy waxtaane, walla di ko tagg.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5545